

**Avi Odyans Piblik ak Opòtinite pou Kòmante sou Pwopozisyon**  
**Amande yo nan Chapit 12 nan Tit 68 nan Règleman Vil New York yo**  
**Ki gen Rapò ak Pwogram Fair Fares Vil New York**

**Kisa nou pwopoze?** Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk ("HRA") pwopoze pou amande pwogram Fair Fares yo lè li ogmante nivo elijiblite revni de 120 a 145 poustan nivo povrete federal la.

Odyans piblik la ap fèt adistans atravè Zoom nan jou Vanderdi k ap 15 Novanm 2024 la, nan lè 10:00 nan maten Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab patisipe sou:

**Zoom (videyo ak odyo):** <https://www.zoomgov.com/j/1614625260>

Pou rantre nan telefòn, rele nan 646 828 7666 epi antre ID reyinyon an: 161 462 5260

Oswa ale sou [www.zoom.us](http://www.zoom.us), klike sou patisipe nan yon reyinyon (join a meeting) epi antre Nimewo Reyinyon (Meeting ID) an: 161 462 5260

**Telefòn (odyo sèlman): 1-646-828-7666**

Lè yo mande w sa a, antre nimewo reyinyon an: 161 462 5260

**Kijan pou mwen fè kòmantè sou règ yo pwopoze yo?** Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règ nou pwopoze yo pa mwayen:

- **Sitwèb.** Ou kapab soumèt kòmantè yo bay HRA sou sitwèb règ NYC (NYC Rules) yo sou <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè pa w yo pa imèl nan [NYCRules@hra.nyc.gov](mailto:NYCRules@hra.nyc.gov). Tanpri mete "Fair Fares Amendments" (Amandman Fair Fares) nan liy sijè a.
- **Kourye.** Ou kapab voye kòmantè yo nan kourye lapòs nan:

HRA Rules  
c/o Office of Legal Affairs  
150 Greenwich Street, 38<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10007

Tanpri di aklè ou ap fè kòmantè sou Amandman Fair Fares.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè yo atravè faks nan 917-639-0413. Tanpri mete "Amandman Fair Fares" nan liy sijè a.
- **Pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou ou pale nan odyans lan lè ou rele 929-221-7220 oswa lè ou voye imèl nan [NYCRules@hra.nyc.gov](mailto:NYCRules@hra.nyc.gov) nan lè odyans lan ap kòmanse a oswa anvan sa nan dat 15 Novanm 2024 la. Y ap rele moun ki pral pran lapawòl yo nan lòd yo te enskri a epi y ap kapab pale jiska twa (3) minit. Tanpri sonje ke odyans lan se pou aksepte temwayaj oral sèlman epi li pa fèt nan fòma "Fair Fares Amendments" (Kesyon ak Repons).

**Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo?** Dat limit pou w soumèt kòmantè yo se 15 septanm 2024 la nan lè minui. HRA dwe resevwa kòmantè yo, san wete sa yo voye atravè imèl yo nan dat oswa anvan dat 15 Novanm 2024 la.

**E si mwen bezwen èd pou m patisipe nan odyans lan?** Si ou bezwen sèvis entèprèt lang oswa yon aranjman rezonab pou patisipe nan odyans lan, ou dwe di nou sa. Ou kapab di nou sa pa imèl nan [NYCRules@HRA.nyc.gov](mailto:NYCRules@HRA.nyc.gov). Ou ka di nou sa nan telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesesè pou ou avèti nou davans pou ou kapab pèmèt nou genyen ase tan pou nou fè aranjman. Tanpri di nou sa nan jou Jedi k ap 7 Novanm 2024 la.

**Èske m kapab wè kòmantè yo fè sou règ yo pwopoze yo?** Ou ap kapab li kòmantè yo fè anliy sou règleman nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la ki se <http://rules.cityofnewyork.us/>. Kopi tout kòmantè yo soumèt sou entènèt yo, kopi tout kòmantè yo fè alekri yo, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règ nou pwopoze a ap disponib pou publik la sou sitwèb HRA a tousuit apre odyans lan.

**Kisa ki bay HRA otorizasyon pou li etabli règ sa a?** Seksyon 603 ak 1043 nan Konstitisyon vil New York. Règ yo pwopoze sa a pa te enkli nan ajanda regilasyon HRA pou ane fiskal sa a.

**Ki kote mwen ka jwenn règ HRA yo?** Règ HRA yo parèt nan tit 68 ki nan Règleman Vil New York yo.

**Ki règ ki detèmine metòd pou fè règ yo?** HRA dwe respekte egzijans Seksyon 1043 ki nan Konstitisyon Vil New York lè li ap etabli oswa chanje règ yo. Nou fè avi sa a dapre kondisyon nou jwenn nan Seksyon 1043(b) Manman Lwa Vil la.

### **Deklarasyon Baz ak Objektif Règ la**

Pwogram Fair Fares NYC la ede moun k ap viv nan Vil New York yo ki pa gen gwo revni jere frè sèvis transpò yo pandan l ap bay yon rabè 50% sou transpò publik la. Rezidan ki kalifye nan Vil New York yo resevwa yon rabè 50% sou tikè metwo ak bis ki kalifye yo. Fair Fares kapab bay 50% rabè tou sou vwayaj transpò ki adapte MTA Access-A-Ride.

Ane pase a, nivo revni Fair Fares te ogmante de 100 poustan Nivo Povrete Federal (FPL) a 120 poustan. Règ yo pwopoze sa a pral ogmante nivo revni an plis a 145 poustan nan FPL la. Ekspansyon rabè pwogram Fair Fares la pral ede Nouyòkè ki gen ti revni yo nan amelyore aksè a bezwen chak jou tankou travay, edikasyon, swen sante, manje, lanati ak divètisman. Anplis desa, aksè amelyore nan transpò publik abòde diferans nan revni epi pèmèt rezulta bon jan kalite lavi pou Nouyòkè ki gen pi ba revni yo.

Yo jwenn otorite Depatman an pou règ sa yo nan Seksyon 603 Konstitisyon Vil ak Seksyon 34 ak 77 Lwa Sèvis Sosyal New York.

**Nou souliyen materyèl ki nouvo an. Enfòmasyon ki efase a se [kwochè].**

**Seksyon 1. Yo amande soudivizyon (a) nan Seksyon 12-03 nan Tit 68 Règleman Vil New York yo pou yo li i konsa:**

- (a) Pou yon aplikan kapab vin elijib pou resevwa yon rabè Fair Fares li dwe:
- (1) soumèt yon aplikasyon ki ranpli, ki gen ladan papye sipò, nan yon fòma ak fason Pwogram lan etabli;
  - (2) soumèt yon fòm Kondisyon Itilizasyon Fair Fares NYC ki siyen daprè Memorandòm DSS/HRA ki gen rapò ak Otorite Tranzit vil New York; epi
  - (3) ki reponn ak egzijans kalifikasyon sa yo:
    - (A) Aplikan an dwe se yon moun k ap viv nan Vil New York;
    - (B) Aplikan dwe gen ant 18 ak 64 lane;
    - (C) Revni avan taks aplikan an pa dwe depase [120] 145 pouzan FPL la;
    - (D) Sof nan ka kontre 68 RCNY § 12-02(a), aplikan an pa dwe elijib aktyèlman pou yon doubl rabè oswa avantaj nan men DSS/HRA, NYCT oswa nenpòt lòt antite oswa pwogram;
    - (E) Yo pa dwe sispann aplikan an kounye a oswa diskalifye li pou toutan nan Pwogram lan anba seksyon 12-05(b) nan chapit sa a;
  - (b) Aplikan an dwe bay konsantman li pou Pwogram lan kapab verifye tout enfòmasyon ki nan aplikasyon an.
  - (c) Pwogram nan pral bay yon detèminasyon alekri nan 30 jou apre soumèt yon aplikasyon ranpli.

**NEW YORK CITY LAW DEPARTMENT**

**DIVISION OF LEGAL COUNSEL**

**100 CHURCH STREET**

**NEW YORK, NY 10007**

**212-356-4028**

**SÈTIKASYON SELON**

**LWA §1043(d)**

**TIT RÈG LA:** Amandman Règ ki gen Rapò ak Pwogram Fair Fares la

**NIMEWO REFERANS:** 2024 RG 091

**AJANS KI ETABLI RÈG YO:** Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te egzamine règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a:

- (i) ekri yon fason ki ap pèmèt yo akonpli objektif dispozisyon legal ki otorize a;
- (ii) pa opoze ak lòt règ ki aplikab yo;
- (iii) ekri yon fason limite pou atenn objektif li genyen an, nan mezi sa posib epi sa apwopriye;
- (iv) gen yon deklarasyon ladan li sou motif ak objektif yo ki esplike règ la ak egzijans règ la mande pou yo respekte yo byen klè, nan mezi sa posib epi sa apwopriye.

/s/ STEVEN GOULDEN

Dat la: 12 Septanm 2024

Konseye Prensipal

**NEW YORK CITY MAYOR'S OFFICE OF OPERATIONS**

**253 BROADWAY, 10<sup>th</sup> FLOOR**

**NEW YORK, NY 10007**

**212-788-1400**

**SÈTIFIKASYON / ANALIZ**

**SELON SEKSYON 1043(d) NAN MANMAN LWA A**

**TIT RÈG LA: Amandman Règ ki gen Rapò ak Pwogram Fair Fares la**

**NIMEWO REFERANS: HRA-40**

**AJANS KI ETABLI RÈG YO: Administrasyon Resous Imèn**

Mwen sètifye biwo sa a te analize règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan Seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi dekri yo parèt pi wo a:

- (i) Yo fasil pou konprann epi yo ekri nan yon langaj ki senp pou kominote oswa tout kominote yo reglemante apa yo;
- (ii) Pa mete twòp enpòtans sou depans pou kominote oswa tout kominote yo reglemante apa ki ap fè efò pou atenn objektif yo deklare nan règ la; epi
- (iii) Pa prevwa yon peryòd koreksyon paske li pa etabli okenn vlyolasyon, modifikasyon yon vyolasyon, oswa sanksyon ki asosye avèk yon vyolasyon.

/s/ Francisco X. Navarro

Biwo Operasyon Majistra a

12 Septanm 2024

Dat